**Ассаламу гІалайкум!**

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 17 февраль Рузман №7 (7769) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**ГІадамал, нухал, транспорт**

## Шагьранухда свераби гІатІид гьарулел руго

ГІемерал соназ нухлулазул ва шоферзабазул рахІат хвезабун букІана Агъвали КІолихъ авалалда ругел нухлул сверабаз. Чанги нухалъ ккана чІахІиял машинаби «Чапаевасул» свериялдаги къан, машинаби хьвадиялъе квалквалал, гьединго машинаби цоцалъ кьабиялъул ва лъималазда машина тункиялъул хІужжаби.

Гьебги хІисабалде босун, нилъер районалъул рекІелъ иманги яхІги цІикІкІарал жамгІиял хІаракатчагІаз ва меценатаз жигар бахъана нухалъе квалквал гьабулел рукъзал гІарцухъ росун, нух гІатІид гьабиялъе сурсатал ралагьизе.

Ахир-къадги, исана КІолихъ лъабабго свериялда ругел минабазул бетІергьабазухъа ричун гьелги росун, мурадалде щвана гІадамал.

Гьал къояз байбихьана Агъвали КІолихъ шагьранухда свераби гІатІид гьабиялъул хІалтІиги.

Гьеб иш тІаде босун буго ООО «Магуш» фирмаялъул директор МухІамадзагьид Давудовас. Жакъасеб къоялде Гьигьалъ-Маштихи свериялда букІараб минаги биххун гІатІид гьабуна свери. Гьелъ рес кьолеб буго рикІкІадасанго данде бачІунеб машина бихьизе.

Гьанже аслияб хІалтІи гьабулеб буго лъабабилеб кІолихъ «Чапаевасул» свериялда. Гьениб хІалтІулеб буго щуго батІияб бакІалраялъулаб техникаги цо бригада хІалтІухъабазулги. ХІалтІуе нухмалъи гьабулеб буго ООО «Магуш» фирмаялъул хІалтІухъан Халил Х1ажиевас.

Гьес бицана гьаб анкьил ахиралде нух гІатІид гьабун рагІалде бахъине бугин, цинги хадуб щуабилеб кІолихъ бугеб свериги гІатІид гьабилин. Гьениб минаялъул бетІергьанчІужуялъе тІубан гІарац кьун гьечІо. Хьул буго кватІичІого гьеб суалги нилъер жамгІиял хІаракатчагІаз ва меценатаз тІубалин.




Районалъул нухмалъиялъ ва халкъалъ ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабулеб буго нухлул сверpermalink гІатІид гьариялъе квербакъарал киналго гІадамазе.




Аллагьас киназулго садакъа азариде бахинабун кІодо гьабеги, дунялалъулги ахираталъулги рокъоб рекІел парахалъи кьун рохизареги.

**Зульфия Сажидова**

## ГІунгутІаби лъугІизаруна

Дагьаб цебе Агъвали гимназиялде хІалтІулаб сапаргун щвана «Халкъияб фронталъул» республикаялда бугеб отделениялъул вакилзаби Татьяна Рассохина ва ПатІимат Ханиева.

Гьез хал гьабуна гимназиялда байбихьул классазул цІалдохъабазе бухІараб квен чІезабиялъул рахъалъ законалъул тІалабал тІураялъул суал.

Гьенир кванил нигІматал цІуниялда ва столоваялда бугеб ахІвал-хІалалъул хал гьабулаго ратана церегоялдасаго нахъе рукІарал гІиси-бикъинал гІунгутІаби. Кидаго гІадин, гьитІинаб жо кІодо гьабун, гьениб бугеб ахІвал-хІал бихьизабуна социалиял гьиназда, ва халкъалда гьоркьоб бахъинабуна ахІи-хІур.



Гьелда хурхун районалъул бетІер Шамил ГІумаровас тІад къана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГІабдусаламовалда ва гимназиялъул директор Муслим ВахІидовасда къокъаб заманалда гІунгутІаби тІагІинаризе.

Жидер ругел санагІалъабазул халги гьабун, гимназиялъул нухмалъиялъ хІукму гьабуна цІалдохъаби, стандартазда рекъарал шартІал ругеб интернаталъул столоваялда кванazaризе.

Жакъа къоялде гимназиялъул богорукъ къваригІараб-тараб цІарагІалдалъун ва цогидаб хІажатаб къайиялдалъун хьезабун буго. Гьениб кванил нигІматал цІуниялъе санитариял тІалабазда рекъарал шартІалги гІуцІун руго, цІалдохъабазе бухІараб ва тІагІамаб квенги чІезабун буго.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

## Призерлъун вахъана



Микьабилеб февралалда МахІачхъалаялда тІобитІана 9-11 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб ингилис мацІалъул тІолгороссиялъулаб олимпиадаялъул республикаялъулаб этап.

Гьенив гІахьаллъана республикаялдаса 130 цІалдохъан.

Агъвали гимназиялъул анцІабилеб классалъул цІалдохъан Халид Халидов вахъана олимпиадаялъул призерлъун.

Гьеб ккола Халидил ва ингилис мацІалъул мугІалим ПатІимат СилахІудиновналъул захІматалъул хІасил.

Баркула Халидида лъикІаб хІасил, гьарула хадубккунги икъбал.

**ПатІимат МуртазагІалиева**

**21 февраль- халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къо**

# МацI - миллаталъул къучI

Дагъистан - гьеб «мугIрузул улка» гуребги, «мацIазул улкаги» ккола. ГIемермиллатазулаб цо халкъалдеги сверун, гьелъул ракьалда гIумру гьабун буго батIи-батIияв миллатаз ва бищун кIудияб къадарги, тарихги буго магIарулазул.

Дагъистанин абидал гIемеразда гуро гьеб лъалеб, амма Расул ХIамзатов абидал гьеб киназдаго лъала. ГьитIинаб 60 цIараки жаниб бугеб росулъа кIудияв шагIирас магIарулазул миллатги, магIаруллъиги, Дагъистанги тIолго дуниялалдаго рагIизабуна.



Нилъ чIухIизе ккола нилъер цIар рагIарал магIарул мацIалъул гIоркъуда ругел, рукIарал, гьеб цIунизе кьеркьарал- Расул ХIамзатов, Шамил имам, ЦIадаса ХIамзат, Фазу ГIалиева гIадал магIарулаздаса, ва гьезул ирсилал нилъ рукIиналдаса.

ТIолго дунялалъул рахьдал мацIазул къо тасдикъ гьабуна 1999 соналъул ноябралда ЮНЕСКОялъул Генералияб конференциялъ. 2000 соналъул 21 февралалдаса байбихьун гьеб кIодо гьабулеб буго тIолабго дунялалда. Рахьдал мацIал цIуниялдехун хасаб кIваралъул бербалагьи гьабизе хIажаталлъун ккана Россиялъул гIемер миллатазулал областалгун краял ва республикаби. Щайгурелъул, жидерго умумузул ракьалдаса магIишат гьабизе бигьаяб лъарагIлъиялде, шагьаразде, гочарал гьезул гIадамалгун журайдал, батIияв миллатазул гIадамалгун цоцазда ричIчIиялъе хIалтIизабулеб мацIлъун лъугьана гIурус мацI.

Гьаб бакIалда чара гьечIого хIажатал руго хъвазе аваразул чIухIи ХIамзатил Расулил рагIаби:

**МугIрул тун авлахъазде**
**Рахъунел магIарулал,**
**МагIарул мацIги яхIги**
**Гьарула, цадахъ босе.**

**Цадахъ босе, кIочонге**
**МагIарул мацIги цIарги.**
**Цадахъ босе, кIочонге**
**МагIарул гIадат, гIамал.**

Рахьдал мацIалъул тIадегIанлъиялъул ва гьелъул кIваральул хIакъалъулъ асарал хъвана нилъер аваразул цIар рагIарал шагIирзабазги.

МацIги маданиятги ккола миллатазул къучI, гьелъул кьалбал. Гьезие жагъаллъи ккани, миллат тIагIуна. Жиндирго миллаталъул мацI лъаларев чи, гьеб миллаталъул чи кколаро.

МагIарул мацI лъаларев чиясда лъаларо жиндир тарихги, магIарулазул гIадаталги, миллатги, маданиятги.

Рахьдал мацIги маданият - адабиятги гIелалъ гIелалъухъе кьолаго мадиро гьабун, умумуз нилъехъе щвезабун буго. Умумуз гьеб хазина нилъехъе щвезабун буго захIматал нухаздалъун. Жидерго кIалзулаб пагьму-гьунаралдалъун, гIумру гьабиялъул лъикIал мисалаздалъун цIунун, тIадеги бечедги гьабун. Нилъеде ирга щведал, гьеб къимат тIадегIанаб хазина нилъеца билизе тезе бегьуларо.

ГIурусазул поэт Ярослав Земляковас абуна:

«МацI бугила аскаралъ тушманасухъе тIарамагъадисеб кьолеб ракь, гьебги кьун хадуб нахъе къазе бакI гьечIилан».

Гьединаб жо буго мацI.

ХIикматаб жо буго магIарул мацI. Кин гьадигIан камилго гьаб берцинлъараб, щвалде щвараб абураб суалалъе Д.Марроца абун буго магIарул мацI кин гьедин берцинлъарабали хIикмалъи гьабулила жинца, гьеб литератураялда гьорлъ хIалтIун гурони гьедин бечелъизе рес букIинчIилан. Дунялалъул рокъов жиндирго рахьдал мацI лъаларев чиясдаса мискинав, пакъирав чи ватиларин ккола дида. Халкъалъул бищун кIудияб бечелъи буго мацI. МагIарул хъизаналда эбел-эменги лъималги цоцазда гаргадизе ккола магIарул мацIалъ. МацI цIунизе тIадаб буго щивав магIаруласда.

**МацI билараб миллат молода лъола,**
**Малидул гIоркь ккевзе чи хутIуларо,**
**ХутIараб кинабго гьадингояб жо,**
**Гьардарав, БетIергьан, цIуне авар мацI!**

**МухIамад АхIмадов**

МацI ккола халкъалъул цебетIеялъул нугIлъунги, амма жакъасеб къоялъ унго-унгоги МухIамад АхIмадовас гьаб кочIолъ загьир гьабураб авар мацI тIагIиналдаса бугеб хIинкъиги, рахIат-хIалхьи гьечIеб рекIел хIалуцинги буго. МацI къобахъанагIан тIагIунеб буго, гьеб бицунел лъималги дагьлъулел руго школаладаги, ясли-ахаздаги, хIатта, рокъобгицин эбел-инсуца, кIодоэбел-кIудаинсуцагицин жидерго лъималазул лъималазда гIурус мацI бицунеб буго. ТIадехун абухъего, нилъерго миллатги лъугIун, малидул гIоркь ккевзе магIарулалги гьечIого хутIизехъин ругеб гIадаб жо ккезехъин буго.

КъваригIун буго мугIалимзабазги, хасго эбел-инсуцаги лъималазул мацIалдасан бугеб балагьи хисизе. ГIемер рагIула эбел-инсухъа: «Дие лъимер эркен гьабизе бокьун буго авар мацIалъул дарсидаса. Щибизе гьеб гьесие? ЕГЭйищ кьезе кколеб? Институталдайищ къваригIунеб?

Щай чидар пачалихъаздаса рачIунги нилъер мацI лъазабизе хIаракат бахъулеб гIадамаз, щай нилъерго миллаталъул мацI нилъеца хвезе толеб, кIочене толеб? Щай нилъеца цIунулареб магIарул миллатги, мацIги, цIарги?

КъваригIараб жо буго мацI цIуни.

Вахъинавизе бокьилаан жакъа ХIамзатил Расул, букIинаандай гьебмехалъ авар мацI гьадигIан пакъирго?

**Миллат - магIарулай, мацI дир - магIарул**
**Дир магIарулазе чIухIилъун къураб**
**Шамилий, ХIамзатий, гьесул Расулий,**
**Гьез ирсалъе тараб, дир магIарул мацI!**

**Нилъер мацI чидаца буго бицунеб,**
**Нилъер мацI чидае буго берцинлъун,**
**Нилъее нилъер мацI гьечIо къваригIун,**
**Нилъее мацIалъул щай гьечIеб къимат?**

**Огь, дир магIарул мацI, дур къисмат бихьун**
**Дун турулей йиго, гIодулей йиго,**
**Вай, дир магIарулал, нужер пакъирлъи**
**Нужерго мацI бичун чидар босулел,**

**Босе, бице, кIалъай ва лъазе гьабе**
**Бокьун батанани чияраб мацIги**
**МацIал гIемерал лъай, лъай цIикIкIинаби**
**Зарал букIинаро, пайда гурони.**

**Амма умумуца ирсалъе тараб**
**Гьаб нилъер мацIалъул гьод щай бекулеб?**
**Чияраб гьуинлъун, нилъераб рехун**
**Щайзе толеб бугеб миллаталъул къучI?**

**МацI кIочене тани, миллат лъугIулин**
**Миллат лъугIанани, нилъ ракьулъ лъолин.**
**Дагъистан чIухIараб кIудияб миллат**
**КIудиял ишаца рагIизабураб.**

**РачIа, магIарулал, нилъерго гьасда**
**Нилъер мацI бицине чияраби тун,**
**РачIа, магIарулал, зар гIадин гьункун**
**МацIалъул даража борхизабилин!!!**

**Заира ГIалиева,**
ЛъондодагьоркьохьебшколалъулмугIалим

# МацI цIуне, мацIалъул хIурмат гьабе

Рахьдал мацI ккола гIакълуялъул байбихьи. Аби буго, БетIергьанас рухIчIаголъабазе гьунарал рикьун хадуб, инсан рази гьечIого гьесде асскIове анила ва абунила: «Дунял бижарав Халикъ, дуца цо-цо гьунар кьечIого хутI-хъумурцин течIо, амма бищунго инсан махIрум гьавунаха гьездаса: я абизегIанасеб лебаллъи-тирилъи яльуни къуват-жан дир гьечIо». Гьеб мехалда ТIадегIанас жаваб гьабунила: «Дица дуе къуна лъиениги кьечIеб къуват- гIакълу ва мацI. Гьелдаса кутакаб къуват щибниги букIине гьечIо».



Нилъее васиятлъана Расул ХIамзатовасул цIарги, гьесул кучIдулги, мацI цIунеян нилъеда бараб ахIиги. Жакъа нилъ чIухIизе ккола нилъер умумузул цIараздаса, гьез тIамураб гIумруялдаса, нахъе тарал гьайбатал ишаздаса ва гьез бицараб мацIалдаса.

Хъизан ккола лъималазда рахьдал мацIги, миллаталъул гIадаталги, маданиятги малъизе аслу лъолеб школа. Хъизаналда куцала гIисиназ кIудиязул адаб-хIурмат гьабизеги, кIудияз гIисиназул тIалаб-агъаз гьабизеги. ЦохIо нилъее хасиятаб жо батиларо лъимал рокьиги гьезие гIоло гIумру тIамиги. ТIабигIаталъулго гIадлу буго гьединаб, рухIчIаголъиялъеги бокьула тIинчI. Амма кигIанха рекъезе букIараб гьебго къагIидаялда лъималазе эбел-эменги рокьулел рукIаралани.

Инсанасе жиндасаго лъикI вукIине бокьулев чи жиндирго лъимер гурони букIунарилан буго умумузул кици. Эбел-инсулги, мугIалимзабазулги лъималазулги ракIазулъ цоцаздехун букIине ккола рухIияб кьо. Гьеб кьодул сакал щулияв ругони, лъималаз эбел-эмен заман цвелалдего херлъизаруларо. БитIараб ва талихIаб нухде лъимал цIазе ккани, гьезие кьезе ккола таргбия, гьебги гьитIинаб къоялдаса нахъего.

Гьанже заманалда бокьараб бегьулинги абун, мацIги, цIарги, росуракьги, гIадат-гIамалги кIочон тун, кIарчанго хьвадизе нильги бегьиларо.

Нилъеца кинабго базабулеб буго заманалда. Заманаялъе лъугьараб жо щибниги гьечIо, сордо ун къо бачIуна, моцIал ун лъагIел щола, бакъмоцIги, щибго хиси гьечIого, жиндир тартибалда баккула ва тIерхьуна.

Жакъасеб заманалде гIайибги рехун, цо-цо нухмалъулезухъа хIалтIун бажарунгутIиялъ лъугьун буго гьаб мацIалда сверухъ бугеб ахIвал-хIал. Цогидалъул бицинчIониги, щай данделъабазда нилъеца жигар бахъунеб гIурус мацIалъ кIалъазе, магIарул мацI лъалареб ххвелги гьабун.

Рогьаралдаса рукIкIинегIан магIишат гьабулел руго гIадатиял гIадамал. Лъие магIишат гьабулелха ругел гьел? Гьай-гьай, лъималазе магIишат гьабулел руго. Лъималин абуни, гьеб заманалда телефонасе хьулухъ гьабулел руго. ЛъикIаб букIинаан лъимадуе бакъукь, бацIцIадаб гьаваялда заман бахъизе ресал кьуни. ХIакъикъаталдаги хабар бицун тIубалеб масъала гуро гьеб. Гьелъие къваригIуна эбел-инсул, учительзабазул, тарбиячагIазул цадахъаб хIалтIи, тIоцебесеб иргаялда гьезие,хадуб лъималазе магIарул миллатги, мацIги, маданиятги бокьизе, гьездаса чIухIизе. Гурони, хIинкъи буго лъачIого магIарул мацI тIагIиналъе.

Доб заманалда байбихьул классазда, цохIо гIурус мацIалъул дарс хутIун, киналго дарсал кьолаан магIарул мацIалда, цIалдохъабазе гьваридаб лъайи щолаан. Гьединан цIалун рахьарал руго магIарулазул машгьурал гIалимзаби. Жакъа нилъер магIарул мацI кибе ккун бугеб?

Гьанже гIадатлъун лъугьун буго магIарул мацI лъазабизе шагьаралдаса магIарулхъе лъимал ритIи. Аслияб къагIидаялда гьел рецтIуна кIудабазухъ. Гьелги гьура-чункун гIурус мацI бицун гурони, магIарул мацIалъ лъималгун кIалъаларо. Гьедин лъималги уна, рахьдал мацIги лъачIого, шагьаралде тIадруссун.

Имамзабазги гIалимзабазги бицунеб букIараб мацI рехун тани, нилъ ккезе руго хадуб гьел лъалев чи цIехезе ва гьеб лъазабизе.

КъваригIун буго авар мацIалда хурхун лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулездаса байбихьун школалъул хъаравуласде щвезегIан жавабчилъиги тIалабчилъиги хисизабизе. Гьебго цIакъго хьатIула мугIалимзабазда, гIемерисеб мехалъ гьел рукIунелъул лъималгун бахIсазда. МагIарул адабияталдегун маданияталде кIвар кьезеги, миллаталъулги мацIалъулги адаб гьабизе рекъараб букIинаан щивасда.

Северияб Осетиялда жидерго моралияб кодексалда рагIула гьадинал мухъал: «Дуда мацIги гIадаталги лъалеб батичIони, мун осетинав кколаро». КигIан битIарабха гьеб бугеб!

РакIалде ккола районалъул администрациялъ тIалаб гьабилин лъай кьеялъул управлениялдаса магIарул мацI цIуниялъе хасаб программа гIуцIизе ва гьеб гьоркьоб лъезе районалъул бетIерасда цебе гIуцIараб хасаб экспертияб комиссиялда.

Амма пашманлъизе бачIуна жакъа кьоялъ районалде «ХIакъикъат» газеталъул 182 экземпляр гурони бачIунарин абидал. Гьелъ бицунеб буго магIарул мацIалдехун нилъер бугеб бербалагьиялъул хIакъалъулъ.

МацIалъул нилъее бугеб кIваральул бицине дун лъугьинаро, лъугьани, гьеб букIина цIураб гIертIинибе лъим тIезе хIалбихьиялде рельлъараб жо. Амма нилъеда тIадаб буго кьоло щуго соналъ биги тIун, имам Шамилица нахъе тараб мацI цIунизе. Нилъеда тIадаб буго рокьул шигIрабазулъ ракI рагьараб МахIмудил ирслъун бугеб магIарул мацI цIунизе. МацI цIунизе ккола гIолилазул рагьазулъ биялги гIодоре тIун, гьелъие рухI кьурал васазе гIоло. Нилъер Расулица васият гьабуна миллаталъе гIоло мацI цIунеян. КIудияб буго магIна Расулил «Метер магIарул мацI хвезе батани, хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун» абурал рагIабазул.

Нужго ургьун рихье, хирияв кьояз эбел-инсул хабаде щведал щиб мацIалда нилъ гьездехун руссинел?

Ахиралда бокьун буго тIаде щолеб халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул кьоги баркулаго, киназдаго абизе:

-ЦIуне магIарул мацI, гьабе гьелъул къимат.

**М-З. Аюбов,** районалъул жамгIияб палатаялъул нухмалъулев

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Хушет» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 27,7 | 27,7 | 27,1 | 97,8 |
| 2 | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | -4,8 | -96,0 |
| 3 | Земельный налог | 15,0 | 15,0 | -14,6 | -97,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,2 | 1,2 | 1,7 | 141,7 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 34,0 | 34,0 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | **82,9** | **82,9** | **9,4** | **11,3** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1859,0 | 1859,0 | 1859,0 | 100,0 |
| 2 | Субсидия | | | | |
| 3 | Субвен.регист актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 111,0 | 118,1 | 118,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **1970,0** | **1977,1** | **1977,1** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2052,9** | **2060,0** | **1986,5** | **96,4** |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1264,1** | **1265,6** | **1249,2** | 98,7 |
| | в т.ч. зарплата | 782,0 | 782,0 | 772,9 | 98,8 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | | |
| 3 | **Дорожный фонд** | | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | | |
| 5 | **ВУС** | **111,0** | **118,1** | **118,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 80,0 | 85,3 | 85,3 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **218,0** | **218,0** | **155,0** | 71,1 |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | | |
| 8 | **Культура** | **459,8** | **475,8** | **475,1** | 99,9 |
| | в т.ч. зарплата | 252,0 | 252,0 | 251,8 | 99,9 |
| 9 | **ФК и спорт** | | | | |
| | **Всего расходов** | **2052,9** | **2077,5** | **1997,4** | **96,1** |
| | в т.ч. зарплата | 1114,0 | 1119,3 | 1110,0 | 99,2 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» М. Окиев**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Нижнехваршининский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 2,2 | 2,2 | 1,7 | 77,3 |
| 2 | Налог на имущества | 6,0 | 6,0 | 2,5 | 41,7 |
| 3 | Земельный налог | 15,0 | 15,0 | 2,1 | 14,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,8 | 0,8 | | 0,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 23,0 | 23,0 | 22,8 | 99,1 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | 47,0 | 47,0 | 29,1 | 61,9 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1703,0 | 1703,0 | 1703,0 | 100,0 |
| 2 | Субсидия | | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 104,0 | 110,8 | 110,8 | 100,0 |
| | **Итого** | 1807,0 | 1813,8 | 1813,8 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 1854,0 | 1860,8 | 1842,9 | 99,0 |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **1078,2** | **1048,6** | **1018,9** | 97,2 |
| | в т.ч. зарплата | 599,0 | 599,0 | 594,4 | 99,2 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Дорожный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | |
| 5 | ВУС | **104,0** | **110,8** | **110,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 82,0 | 82,0 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **316,0** | **356,0** | **353,0** | 99,2 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | **345,8** | **361,8** | **360,3** | 99,6 |
| | в т.ч. зарплата | 168,0 | 168,0 | 167,8 | 99,9 |
| 9 | ФК и спорт | **10,0** | **10,0** | | 0,0 |
| | | | | | |
| | **Всего расходов** | 1854,0 | 1887,2 | 1843,0 | 97,7 |
| | в т.ч. зарплата | 844,0 | 849,0 | 844,2 | 99,4 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Н.Хваршининский» Ш. Абакаров**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) Назна-чено | Уточн. наз-нач. | Испол-нение | % ис-полн. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 48,0 | 48,0 | 37,4 | 77,9 |
| 2 | Налог на имущества | 18,0 | 18,0 | -1,6 | -8,9 |
| 3 | Земельный налог | 18,0 | 18,0 | -21,6 | -120,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,3 | 5,3 | 7,2 | 135,8 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 39,0 | 39,0 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | **128,3** | **128,3** | **21,4** | **16,7** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2722,0 | 3722,0 | 3722,0 | 100,0 |
| 2 | Субсидия | | | | |
| 3 | Субвен.регист. актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 117,0 | 123,8 | 123,8 | 100,0 |
| | **Итого** | **2839,0** | **3845,8** | **3845,8** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2967,3** | **3974,1** | **3867,2** | **97,3** |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1695,6** | **1177,6** | **1143,4** | 97,1 |
| | в т.ч. зарплата | 670,0 | 670,0 | 662,5 | 98,9 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | | |
| 3 | **Дорожный фонд** | | **2320,3** | **2319,4** | 100,0 |
| 4 | **ЗАГС** | | | | |
| 5 | **ВУС** | **117,0** | **123,8** | **123,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 82,0 | 82,0 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **971,0** | **1661,0** | **1565,0** | 94,2 |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | | |
| 8 | **Культура** | **133,7** | **134,7** | **130,2** | 96,7 |
| | в т.ч. зарплата | 101,0 | 101,0 | 100,7 | 99,7 |
| 9 | **ФК и спорт** | **50,0** | **50,0** | **50,0** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **2967,3** | **5467,4** | **5331,8** | **97,5** |
| | в т.ч. зарплата | 848,0 | 853,0 | 845,2 | 99,1 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» М. Имангазалиев**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Шавинский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 80,0 | 80,0 | 96,3 | 120,4 |
| 2 | Налог на имущества | 12,0 | 12,0 | -23,8 | -198,3 |
| 3 | Земельный налог | 0,0 | 0,0 | -4,8 | |
| 4 | Сельхоз налог | 4,3 | 4,3 | 11,3 | 262,8 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 13,0 | 13,0 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | **Итого собственные доходы** | 109,3 | 109,3 | 79,0 | 72,3 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 4132,0 | 4682,0 | 4682,0 | 100,0 |
| 2 | Субсидия | | | | |
| 3 | Субвен.регист. актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 101,0 | 106,9 | 106,9 | 100,0 |
| | **Итого** | 4233,0 | 4788,9 | 4788,9 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 4342,3 | 4898,2 | 4867,9 | 99,4 |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **1900,9** | **1901,5** | **1889,2** | 99,4 |
| | в т.ч. зарплата | 741,0 | 741,0 | 738,9 | 99,7 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Дорожный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | |
| 5 | ВУС | **101,0** | **106,9** | **106,9** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 67,0 | 71,4 | 71,4 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **1218,0** | **1768,0** | **1765,1** | 99,8 |
| 7 | Молодёжная политика | **25,0** | **25,0** | **0,0** | 0,0 |
| 8 | Культура | **1047,4** | **1079,4** | **1076,7** | 99,7 |
| | в т.ч. зарплата | 672,0 | 672,0 | 671,2 | 99,9 |
| 9 | ФК и спорт | **50,0** | **38,0** | **0,0** | 0,0 |
| | **Всего расходов** | 4342,3 | 4918,8 | 4837,9 | 98,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1480,0 | 1484,4 | 1481,5 | 99,8 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Шавинский» И. Газимагомедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Кочалинский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 265,8 | 265,8 | 274,5 | 103,3 |
| 2 | Земельный налог | 7,0 | 7,0 | 42,9 | 612,9 |
| 3 | Налог на имущества | 8,0 | 8,0 | 0,0 | 0,0 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 10,0 | 10,0 | 2,9 | 29,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,6 | 130,0 |
| | **Итого собственные доходы** | 292,8 | 292,8 | 322,9 | 110,3 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1691,0 | 1691,0 | 1691,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | #### |
| 3 | Субвен. ВУС | 95,0 | 100,9 | 100,9 | 100,0 |
| 4 | Стихия | | | | |
| 5 | | | | | #### |
| | Итого | 1786,0 | 1791,9 | 1791,9 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 2078,8 | 2084,7 | 2114,8 | 101,4 |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **1303,4** | **1358,2** | **1358,2** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 903,5 | 951,4 | 951,4 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | #### |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | #### |
| 5 | ВУС | **95,0** | **100,9** | **100,9** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 67,0 | 77,9 | 77,9 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 655,4 | 655,4 | **643,4** | 98,2 |
| 7 | Молодёжная политика | | | **0,0** | #### |
| 8 | Культура | | | | #### |
| | в т.ч. зарплата | | | | #### |
| 9 | ФК и спорт | **25,0** | **25,0** | **25,0** | 100,0 |
| | Стихия | | | , | |
| | **Всего расходов** | 2078,8 | 2139,5 | 2127,5 | 99,4 |
| | в т.ч. зарплата | 970,5 | 1029,3 | 1029,3 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Кочалинский» Р. Абдусаламов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 24,5 | 24,5 | 19,1 | 78,0 |
| 2 | Земельный налог | 22,0 | 22,0 | -3,7 | -16,8 |
| 3 | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | -11,2 | -224,0 |
| 4 | Прочие налоги (неналоговые) | 21,0 | 21,0 | 22,0 | 104,8 |
| 5 | Сельхоз налог | 1,9 | 1,9 | 0,6 | 31,6 |
| | **Итого собственные доходы** | 74,4 | 74,4 | 26,8 | 36,0 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1609,0 | 1959,0 | 1959,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 3 | Субвен. ВУС | 106,0 | 112,8 | 112,8 | 100,0 |
| 4 | недоданная сумма | | | | |
| | **Итого** | 1715,0 | 2071,8 | 2071,8 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1789,4 | 2146,2 | 2098,6 | 97,8 |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **1139,0** | **1018,1** | **1018,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 701,0 | 522,7 | 522,7 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | |
| 5 | ВУС | 106,0 | 112,8 | 112,8 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 83,3 | 83,3 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **283,3** | **701,7** | **701,7** | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | 0,0 | 0,0 | **0,0** | 0,0 |
| 8 | Культура | **251,1** | **252,6** | **252,6** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 192,9 | 192,,9 | 192,9 | 100,0 |
| 9 | ФК и спорт | 10,0 | **10,0** | **10,0** | 100,0 |
| | Стихия | | | | |
| | **Всего расходов** | 1789,4 | 2095,2 | 2095,2 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 970,9 | 798,9 | 798,9 | 100,0 |

**Глава администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» А. Абдулхабиров**

Конкурс

## Конкурс на замещение вакантной должности

Администрация сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский» объявляет конкурс на замещение вакантной должности начальника МКУ «Культурно-досуговой центр «Верхнегакваринский сельский Дом культуры»:

В конкурсе могут принять участие лица, имеющие высшее профессиональное образование, соответствующее направлению деятельности замещаемой должности и стаж работы два года, по соответствующему направлению.

Участник конкурса должен обладать знаниями Конституции Российской Федерации и Конституции Республики Дагестан, законодательства Российской Федерации и Республики Дагестан применительно к исполнению соответствующих должностных обязанностей, а также навыками составления служебных писем и документов, ведения переговоров, владения необходимым программным обеспечением и компьютерной техникой.

Желающим принять участие в конкурсе необходимо представить в администрацию сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский»:

заявление на участие в конкурсе на имя главы сельского поселения;

собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографии;

автобиографию;

копии:

паспорта или заменяющего его документа (подлинник соответствующего документа предъявляется лично по прибытии на конкурс);

документов о профессиональном образовании (подлинники соответствующих документов предъявляются лично по прибытии на конкурс);

трудовой книжки;

документа воинского учета;

свидетельства о постановке физического лица на учет в налоговом органе по месту жительства;

страхового свидетельства обязательного пенсионного страхования;

документ об отсутствии у гражданина заболевания, препятствующего поступлению на работу, с указанием наличия ограничения трудовой деятельности (медицинская справка № 086);

сведения о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера кандидата на должность, его супруги (супруга) и несовершеннолетних детей.

предложения по совершенствованию деятельности соответствующего учреждения.

Документы для участия в конкурсе принимаются в течение 20 календарных дней со дня опубликования данного объявления в газете «Голос Цумады:

Подробную информацию об участии в конкурсе можно получить в администрации сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский».

**Р. Нуцалханов,** глава сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский»

## Теннис хІаялъул къецал тІоритІана

11 февралалда Агъвали спортшколалда тІоритІана цІалдохъабазда гьоркьор теннис хІаялъул къецал.

Гьенир гІахьаллъана Агъвали, ТІадгъаквари, Гьоркьгъаквари, Хуштада, Лъондода, Эчеда ва ТІинди школазул командаби.

2006-2007 соназ гьарурал васазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна Гьоркьгъакварисса МикагІил ГъазимухІамадовас, кІиабилеб бакІ- ТІиндиса Саид Хантуевас, лъабабилеб бакІ щвана Гьоркьгъакварисса МухІамад ГІабдусаламовасе.

Ясазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ щвана Агъвалиса Хадижат Маликовалъе, кІиабилеб бакІ- Хуштадаса ПатІимат ГІабдулаевалъе, лъабабилеб бакІалде ккана Хуштадаса ГІайшат Гъазиева.

2008-2009 соназ гьарурал васазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ щвана Эчедаса ГІабдурахІман Шейхисламовасе, кІиабилеб бакІ ТІиндиса АхІмад Мусаевасе, лъабабилеб бакІ Агъвалиса АхІмад ГъазимухІамадовасе.

Ясазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ щвана Хуштадаса ГІайшат ХІажиевалъе, кІиабилеб бакІ - ТІиндиса Самира ХІусеновалъе, лъабабилеб бакІалде ккана Агъвалиса Хатибат Залимханова.

Бергьаразе ва призеразе къуна грамотаби.

**Шамил Сажидов**

Госпрограмма

## Развитие горных территорий

Министерство экономики и территориального развития РД принимает заявки на предоставление субсидий в рамках реализации государственной программы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан». Субсидии предоставляются гражданам ведущим личные подсобные хозяйства в горных районах на возмещение части затрат на покупку малогабаритной сельхозтехники, машины, оборудования, предназначенные для выполнения различных сельскохозяйственных работы первичной обработки сельскохозяйственной продукции, до 50 процентов но не более 200 тыс.руб.

Для получения субсидий необходимо предоставить следующие документы:заявление по форме; справка-расчет причитающихся сумм субсидий по форме; выписка из по хозяйственной книги (оригинал) с указанием сведения о площади земельного участка, и численности поголовья скота (КРС, МРС) выданная не ранее чем за 30 дней до даты подачи заявления; копия платежных документов подтверждающих приобретения малогабаритной техники, оборудования, копия паспорта техники или изображения заводского серийного номера, заверенные подписью заявителя; копия паспорта заявителя; копия правоустанавливающих документов на земельный участок или выписка из Единого госреестра недвижимости выданное не ранее чем за 30 дней до даты подачи заявления или право на аренды на земельный участок состоящий в государственном кадастровом учете.

Документы необходимо предоставить в Министерство экономики и территориального развитие РД по адресу г. Махачкала ул. Абубакарова, 67 или через МФЦ района.

Срок предоставления документов до 6 марта 2023г.

По всем интересующим вопросвам обращаться в администрацию муниципального района «Цумадинский район». Тел. 8-967-396-01-92

**М. Куратмагомедов**

Эркенаб гугари

## КІигоясе медаль щвана





Гьал къояз Хасавюрталда ХІамид ХІамидовасул цІаралда бугеб спортивияб КІалгІаялда т1обит1ана СССРалъул спорталъул мастер Абшин Абшинов ракІалде щвеялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.

ГІисинал гІолилазда гьоркьор тІоритІарал гьел къецазда анцІила кІиго цІайиялда цеве вахъана лъабнусиялда кІикъоялда анцІго гугарухъан.

Гьенир гІахьаллъарал нилъер районалъул ДЮСШалъул гугарухъабазул кІигояв вахана пьедесталалде. 48 кг. цІайиялда тІоцебесеб бакІ ккуна МухІамадхалил Загьидовас, 75 кг. цІайиялда МухІамад Лабазановасе щвана лъабабилеб бакІ.

Гьел ккола Агъвали гимназиялъул цІалдохъаби.

**Шамил Сажидов**

Гимнастика

## Разакъовазул медалал

Дагъаб цебе Москваялда тІоритІана «ГІазул цІиркъ» абурал тІолгороссиялъул спортивияб гимнастикаялъул рахъалъ гІисинал гІолилазда гьоркьор къецал.



Гьенир гІахьаллъарал КІочІалиса Ибрагьим Разакъовас гимнастикаялъул батІи-батІиял дисциплинабазда щуго тІоцебесеб, цо кІиабилеб ва цо лъабабилеб бакІ ккуна, гьединго гьесул яц Ханифа Разакъовалъе щвана лъабабилеб бакІ.

Районалъул спортсменаз ва росуцояз баркулеб буго Разакъовазда щварал бергьенлъаби.

**Шамил Бадрудинов**

Администрация сельского поселения «село Тлондода» сдает в аренду земельный участок с кадастровым номером 05:38:000070:1 общей площадью 11538856 км. м, категория земли сельскохозяйственного назначения, разрешенное для ведения сельского хозяйства, находящийся на балансе администрации СП «село Тлондода» Цумадинского района РД.

**Глава АСП «село Тлондода» М. Гамзатов**

БетІерав редактор Малачдибиров ГІубайдула СагІадулаевич 2-52-44

Жавабияв секретарь Сажидова Зульфия АхІмадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦІумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватІ, 4

«ЦІумадисезул гьаракь» газета гІуцІарал: «ЦІумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватІибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахІачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагІалие) 63302 (лъагІалие)

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru